

EKSPLIKASYON PWOGRAM RESOUS EKSEDAN AN

Sa ki anba la a se yon eksplikasyon sou fason ou ka vin kalifye pou Medicaid epi resevwa èd avèk bòdwo medikal ou menm si resous ou depase limit la. Tanpri kontakte travayè sèvis sosyal ou si ou bezwen èd pou konprann lèt sa a.

Si ou te aplike pou Medicaid, avi alekri nou yo pral fè w konnen si ou gen **resous** ki depase limit resous Medicaid la ak konbyen ou depase limit resous la. Yo rele kantite sa a resous eksedan tou. Nou ka verifye sèten resous avèk konparezon nan òdinatè. Si ou panse montan resous eksedan nou mete nan avi ou an pa kòrèk, w ap bezwen kontakte ajans la san pèdi tan, men pa pi ta pase 30 jou apre dat desizyon sou kalifikasyon sa a. Nou ka mande w pou voye prèv resous ou yo. **Revni** ou kapab depase limit ki akseptab la tou. Si se vre, avi nou ba ou a ap di w konbyen revni an plis ou genyen. Gen yon esplikasyon apa sou pwogram nan revni an plis la, epi w ap resevwa li si ou gen revni an plis.

RESOUS EKSEDAN

Si resous ou yo depase limit Medicaid pou kantite moun ki nan kay ou, ou ka kalifye pou pwoteksyon Medicaid si ou gen bòdwo medikal ki egal a oswa plis pase montan an plis ou a, oswa si ou depanse resous eksedan ou a nan sèten depans ou mete apa pou antèman mari/madanm ou.

Nou konte kantite resous ou te genyen depi premye jou mwa ou vle pwoteksyon Medicaid la. Yo pral itilize bòdwo medikal yo pou konpanse resous eksedan ou dwe depi premye jou mwa a, bòdwo ou jwenn pou sèvis medikal nan mwa sa a, ak bòdwo medikal ou peye nan mwa sa a. Kou nou fin aplike tout resous eksedan pase ou yo kont bòdwo medikal sa yo, ou ka vin kalifye pou Medicaid. Lè bòdwo medikal yo konpanse resous ou ki an plis yo, ou responsab pou peye yo. Y ap di founisè medikal la di bòdwo a se responsablite pa w li ye. **Medicaid p ap peye montan bòdwo sa a.**

Pou resous eksedan ou yo ka konpanse ak depans antèman, ou ka etabli yon antèman irevokab pou depans antèman mari/madanm ou ak yon direktè ponp finèb oswa nenpòt moun oswa konpayi nan biznis pou fè yon akò konsa. Pa gen okenn limit sou machandiz ak sèvis ki gen rapò ak antèman ak ou achte nan yon twòs antèman irevokab. Sepandan, nenpòt lajan ki rete nan twòs lan apre fineray la ak depans antèman prale pou konte a. Yon fwa yo etabli twòs irevokab sa a, yo p ap ka ranbouse ou lajan ou a, men ou ka chanje ponp finèb ou a. Answit, yo ka pèmèt ou gen yon egzansyon fon antèman ki rive jiska \$ 1,500 (\$ 3,000 pou yon koup). Pou resous ou yo konpanse ak sèten depans antèman oswa rezèv pre-peye, depans ki gen rapò ak antèman oumenm/mari/madanm ou yo dwe fèt, epi ou dwe di travayè sosyal ou a nan 10 jou oswa pi piti apre dat yo di w montan resous eksedan ou an. Pou nouvo aplikasyon yo, konpansasyon resous eksedan ki gen rapò ak antèman pou ou ak/oswa mari oswa madanm ou pral otorize tankou si ou te achte yo pandan peryòd retwo-aktif la. Travayè sosyal ou pral kapab ba ou plis enfòmasyon sou ki kalite depans antèman ou ka fè pou diminye resous ou yo.

ENPÒTAN: Si resous ou ogmante pou li vin yon montan ki pi plis pase sa Medicaid pèmèt la, swa paske enterè yo kredite nan kont ou oswa paske ou depoze lòt lajan nan kont ou, ou pa kalifye pou asistans nan mwa sa a ak jiskaske resous eksedan yo konpanse nan bòdwo medikal oswa yo itilize yo pou achte atik antèman jan sa dekri pi wo a. Si ou resevwa Medicaid lè ou pa kalifye, distri sèvis sosyal ou ka kolekte montan yo te peye w ou pa te sipoze resevwa a.

Si w gen kesyon, tanpri kontakte travay sosyal pou kalifikasyon Medicaid ou.